



Enfòmasyon Konsènan Fòm POA-1, *Power of Attorney (Manda)*

Si ou vle nonmen yon moun pou reprezante ou ak aji pou ou pou nenpòt ki zafè ou genyen ak Depatman Taks Eta New York (New York Tax Department), ou dwe ban nou yon manda (power of attorney, POA) ki ranpli kòrèkteman kòm prèw ou te bay moun sa a otorite.

Moun ki nonmen kòm reprezantan an kapab pase kontra alapas ou oswa kreye obligasyon ou dwe respekte, ak fè nenpòt ki aksyon ki gen rapò ak zafè taks ki sou POA a, tankou bagay sa yo:

- resevwa enfòmasyon konfidansyèl konsènan taks;
- bay konsantman pou pwolonje tan pou evalye oswa detèmine taks ou dwe pandan yon odit
- dakò nan yon ajisteman taks; ak
- siyen fòm taks, tankou aplikasyon pou ranbousman/kredi, si ou bay otorizasyon espesifik pou fè sa.

Nou **pa** bezwen yon POA pou reprezantan yon moun pou li ka:

- prepare yon deklarasyon taks oswa yon rapò pou ou;
- bay enfòmasyon bay Depatman Taks la pou ou; oswa
- parèt avèk ou oswa avèk yon moun otorize pou aji pou ou.

Ou ka nonmen plis pase yon reprezantan pou menm zafè yo oswa pou diferan zafè. Ou pa ka nonmen yon konpayi oswa yon kabinè avoka pou reprezante ou, men ou ta dwe, de preferans, nonmen youn oswa plizyè moun espesifikman ki travay nan yon konpayi oswa nan kabinè avoka.

Lè ou otorize yon moun pou reprezante w **pa vle di ou pa gen** obligasyon pou deklare ak peye taks. Asire w POA ou a **byen ranpli ak siyen** pou ede anpeche nenpòt reta nan demach yo.

Men kijan pou ou depoze POA an

Ou kapab sèvi ak Fòm POA-1, *Power of Attorney*, (POA-1, *Manda*) Depatman Taks la, ki fèt espesyalman pou zafè taks, pou ede asire ou bay tout enfòmasyon ki nesèsè yo.

- Lè w sèvi avèk Fòm POA-1, ou ka presize ki zafè taks ak peryòd tan ki kouvri a ak otorite ou bay reprezantan an. Si ou pa presize ki zafè taks ak dire peryòd tan an, Fòm POA-1 pral aplike pou tout taks ak pou tout peryòd, eksepte taks pou byen. Pou zafè taks pou byen, sèvi ak Fòm ET-14, Fòm ET-14, *Estate Tax Power of Attorney* (ET-14, *Manda pou Taks pou Byen*).
- Fòm POA-1 pèmèt ou limite otorite reprezantan ou a nan nenpòt fason tou. Pa egzanp, ou kapab endike reprezantan ou a ka resevwa enfòmasyon ak kominike konfidansyèl avèk depatman an, men li pa ka aji nan non ou.

Publication 3004-HAI (6/17) (back)

Depatman Taks la gen yon aplikasyon POA sou entènèt ou ka itilize pou byen vit epi avèk presizyon epi soumèt Fòm POA-1 a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [pajwèb POA nou an](#) (disponib sèlman nan lang angle).

Pou sèten zafè, yon POA-1 kapab pa nesèsè. Si ou vle pèmèt yon pwofesyonèl taks jwenn aksè nan enfòmasyon konfidansyèl taks ou sou entènèt oswa fè sèten tranzaksyon anba non ou nan yon kont Sèvis sou Entènèt, sèvi ak E-ZRep Form TR-2000, *Tax Information Access and Transaction Authorization Form* (E-ZRep Fòm TR-2000, *Fòm Otorizasyon Aksè nan Enfòmasyon Taks ak Tranzaksyon*) de preferans, pa itilize Fòm POA-1 nan. Al gade nan Piblikasyon 3007, *Authorizing a Tax Professional to Access Tax Information and Perform Transactions* (*Fason pou Otorize yon Pou Otorize yon Pwofesyonèl Taks Jwenn Aksè Nan Enfòmasyon Taks ak Fè Tranzaksyon*).

Remak: Yon Piblikasyon se yon dokiman ki bay enfòmasyon konsènan yon sijè espesifik ki kapab enterese moun ki peye taks yo. Chanjman ki vin fèt apre nan lalwa a oswa nan règleman, desizyon jidisyèl, desizyon nan Tribinal Apèl Taks, oswa chanjman ki fèt nan règleman Depatman an ka afekte validite enfòmasyon ki nan yon piblikasyon. Nou mete piblikasyon yo ajou regilyèman epi sa ki ladan yo kòrèk nan dat nou pibliye yo a. Enfòmasyon nou bay nan dokiman sa a pa konsène chak sitiyasyon epi yo pa la pou ranplase lwa a oswa pou chanje siyifikasyon li.